



Anplwaye Veteran 10 Rezon pou Anplwaye Veteran

1 Koub apprentisaj akseleré.

Veteran yo gen kapasite pwouve pou aprann nouvo ladrès ak konsèp. Anplis, yo ka antre nan ekip travay ou avèk ladrès idantifyab ak transfèrab, pwouve nan sitiyasyon reyèl. Background sa a ka amelyore pwodiksyon òganizasyon ou.

2 Lidèchip.

Militè a fòme moun pou dirije pa egzanp, ansanm ak direksyon, delegasyon, motivasyon ak enspirasyon. Veteran yo konprann fason pratik pou jere konpòtman pou jwenn rezilta, menm nan sikonstans ki pi difisil yo. Yo konnen tou dinamik lidèchip kòm yon pati nan estrikti yeyarchikal ak nan estrikti ant kolèg.

3 Travay ann ekip.

Veteran yo konprann kijan vre travay ann ekip grandi soti nan responsablite anvè kolèg yo. Devwa militè yo mèle pwodiksyon endividyèl ak gwoup. Yo egzije tou yon pèsepsyon sou fason gwoup tout gwose yo konekte youn ak lòt ak kijan pou yo atenn objektif la.

4 Divèsite ak enklizyon an aksyon.

Veteran yo te aprann travay bò pa bò avèk moun ki gen ras, sèks, orijin jewografik, background etnik, relijyon ak estati ekonomik diferan, ansanm ak kapasite mantal, fizik ak atitudinèl diferan. Yo gen sansibilite pou koopere avèk anpil kalite moun diferan.

5 Pèfòmans efikas anba presyon.

Veteran yo konprann rigouè orè sere ak resous limite. Yo devlope kapasite pou akonpli priyorite alè, malgre estrès enoum. Yo konnen enpòtans kritik pou rete sou yon travay jiskaskè li fini kòrèkteman.

6 Respè pou pwosedi.

Veteran yo te jwenn yon pèspektiv inik sou valè responsablite. Yo ka konprann plas yo nan yon kad òganizasyonèl, vin responsab pou aksyon sòbòdone yo bay nivo sipèvizyon siperyè yo. Yo konnen kijan règ ak pwosedi pèmèt yon òganizasyon egziste.

7 Teknoloji ak mondyalizasyon.

Akòz eksperyans yo nan sèvis la, veteran yo anjeneral konnen tandans entènasyonal ak teknik ki enpòtan pou biznis ak endistri. Yo ka pote kalite vizyon mondyal ak konesans teknolojik ke tout antrepriz, kèlkeswa gwose yo, bezwen pou reyisi.

8 Entegrite.

Veteran yo konnen sa sa vle di pou fè "yon jounen travay onèt." Anplwayè potansyèl yo ka pwofite de yon istwa entegrite, ki souvan gen ladan otorizasyon sekirite. Entegrite sa a tradwi nan kalite senterite ak konfyans.

9 Konsyans sou nòm sante ak sekirite.

Gras ak fòmasyon ekstansif, veteran yo konnen protokòl sante ak sekirite pou tèt yo ak pou byennèt lòt moun. Endividyèlman, yo reprezante yon fòs travay san dwòg ki konnen enpòtans pou kenbe sante pèsònèl ak kondisyon fizik. Nan nivo antrepriz, konsyans ak responsablite yo tradwi nan pwoteksyon anplwaye, pwopriyete ak materyèl.

10 Triyanf sou advèsite.

Anplis de fè fas ak pwoblèm tipik matirite pèsònèl yon fason pozitif, veteran yo souvan te triyanfe sou gran advèsite. Yo te pwobableman pwouve valè yo nan sitiyasyon misyon kritik ki egzije rezistans, fòs ak fleksibilite. Yo ka te sipase andikap pèsònèl atravè fòs ak detèminasyon.

TRADIKTÈ KAPASITE

<http://www.online.onetcenter.org>

O*NET, Rezo Enfòmasyon sou Okipasyon, se yon baz done konplè sou kapasite, konesans ak lòt eleman pwofesyonèl – enkli sa ansyen militè pote ak yo lè y ap rantre nan mache travay la. O*NET ede ou adapte pwogram edikasyon ak fòmasyon militè yo pou yo mache ak bezwen aktyèl ki egziste nan sektè sivil la. Sèvi ak rechèch Crosswalk pou jwenn pozisyon O*NET ki koresponn ak "Klasifikasyon Okipasyon Militè".

Diksyonè Tit Okipasyon yo, Klasifikasyon Estanda Okipasyon ak Aprantisaj kapab sèvi tou pou idantifye pozisyon O*NET. Gade rapò rezime pou okipasyon sivilyen ki ekivalan epi dekouvri mwayèn salè ak tandans anplwa tipik yo.

O*NET OnLine pèmèt ou fè rechèch sou metye yo pa mo kle, kapasite, kòd O*NET-SOC oswa pa fanmi travay; ou ka gade lis konplè tout okipasyon yo. Ou jwenn tou detay sou mwayen pou adapte travay: chanjman nan anviwònman travay, fason ou egzekite yon fonksyon oswa itilizasyon ekipman espesyal, tout enfòmasyon sa yo disponib sou O*NET OnLine.

Baz done O*NET ak platfòm O*NET OnLine te devlope pou Depatman Travay Lèzetazini pa Konsòsyòm Nasyonal O*NET la.

VIN YON ANPLWAYÈ "ANBOCHE VETERAN ANVAN"

Lè ou anplwaye veteran ameriken, se yon dezizyon ki gen sans. Veteran yo gen bon fòmasyon, etik travay solid, epi kapasite ki pwouve, tout sa ap pote valè imedyat nan biznis ou. Anplis, ou ap ede peyi a rete konpetitif atravè lemond epi ranfòse baz ekonomik Etazini. Pou kontakte yon reprezantan lokal pou anplwa veteran, voye yon imèl nan HireVetsFirst@careersourcenortheastflorida.com.

SÈVIS BIZNIS CAREERSOURCE NORTHEAST FLORIDA

Rekritman ak Seleksyon

- Rekrute, evalue, epi refere ansyen militè – soti nan nivo debaz rive pwofesyonèl ki gen anpil eksperyans
- Rekrute travayè a tan plen, a tan pasyèl, ak sezonye
- Pibliye opòtinite travay yo
- Òganize jounen karyè
- Kollabore ak biznis pou detaye deskripsyon travay ak kritè elijiblite
- Fè seleksyon pou asire veteran ki gen bon kapasite yo se sila yo ki ale nan entèvyou.



SANT KARYÈ CAREERSOURCE NORTHEAST FLORIDA

Tanpri vizite sit entènèt nou pou orè ouvèti sant yo.

KONTE BAKER

1184 South 6th Street
Macclenny, FL 32063
Telefòn : (904) 259-9309
Faks : (904) 892-8182

KONTE CLAY

2141 Loch Rane Blvd., Suite 107
Orange Park, FL 32073
Telefòn : (904) 213-3888
Faks : (904) 892-8185

Kontey Duval Gateway

5000 Avni Norwood, Suite 2
Jacksonville, FL 32208
Telefòn: (904) 924-1710
Faks: (904) 892-8265

Southside

11268 Beach Blvd.,
Jacksonville, FL 32246
Telefòn: (904) 997-3100
Faks: (904) 892-8184

Transisyon Byennèt SNAP Sant Sevis

Gateway Sant Karyè
5000 Avni Norwood, Suite 2
Jacksonville, FL 32208
SNAP Telefòn: (904) 798-9230
SNAP Faks: (904) 892-8270
TANF Telefòn: (904) 213-3900
TANF Faks: (904) -892-8272

Konte Nassau

96042 Lofton Square Court
Yulee, FL 32097
Telefòn: (904) 432-0009
Faks: (904) 892-8268

KONTEY PUTNAM

400 Highway 19 Nò, Suite 53
Palatka, FL 32177
Telefòn: (386) 530-7089
Faks: (386) 892-8269

KONTEY ST. JOHNS

525 State Road 16, Suite 109
St. Augustine, FL 32084
Telefòn: (904) 819-0231
Faks: (904) 892-8271

FLEET & FAMILY SANT SIPÒT FANMI

NAVSTA Mayport,
Bati 1
Mayport, FL 32228
Telefòn: (904) 270-6600 x1721



Eskane kòd sa a ak telefòn entelijan ou pou jwenn plis resous gratis.



Yon patnè fyè nan  rezo a

CareerSource NEFL se yon anplwayè/ajans ki bay tout moun menm chans. Nou mete asistans ak akomodasyon disponib pou moun ki gen andikap. Itilizatè FRS rele 711. Pou detay sou finansman pwogram nan, dapre Stevens Amendment, vizite <https://careersourcenortheastflorida.com/about>.